



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 10 novanm 2014

## **GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO RESOUS ANBOCHAJ SOU ENTÈNÈT POU VETERAN YO**

***Veteran ki kalifye yo ka soumèt enfòmasyon pou konsiderasyon anplwaman tanporè eta***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse lansman yon nouvo pòtay sou entènèt ki pral bay veteran yo zouti yo bezwen pou konekte avèk opòtinite travay tanporè ke Eta New York ofri. Sit entènèt la pèmèt moun kap chèche travay yo pou yo telechaje rezime yo ak deziyen preferans jeyografik yo, ke ajans eta yo apres a itilize pou idantifye epi konsidere kandida yo pou pozisyon ki disponib yo nan tout New York.

“Nou dwe tout veteran yo yon dèt rekonesans fòmidad pou sèvis yo, e lè nou ede yo jwenn travay se yon fason enpòtan pou nou sipòte yo la lakay,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Lè nou konekte veteran yo avèk opòtinite travay nan zòn yo, nouvo pòtay sa sou entènèt pral ede fi ak gason yo nan fòs lame ogmante konpetans ak eksperyans yo epi finalman devlope karyè yo. Sa a se yon lòt egzanp sou fason Eta New York ap travay pou mete veteran yo anvan, e nou vle remèsye senatè Ball ak manm asanble Benedetto pou travay yo nan mete nouvo resous sa a posib.”

Pwogram anbochaj tanporè veteran yo ofri opòtinite pou travay tanporè nan pozisyon yo tankou yon reprezantan asistans pou dezaz, enspektè konstriksyon transpòtasyon ak travayè antretyen otowout, ansanm avèk pozisyon sezonye yo, tankou sovta ak èd taks enfòmasyon. Ou ka jwenn aksè a pòtay sou entènèt la atravè sit entènèt depatman sèvis sivil [la](#).

Komisyonè sèvis sivil Jerry Boone te deklare, “Nou ankouraje veteran ki enterese yo kap chèche travay pou itilize resous travay konvenyan sa a. Travay tanporè bay veteran yo yon eksperyans valab pou amelyore opòtinite travay yo alafwa andedan ak andeyò gouvènman eta.”

Direktè Afè Veteran yo Eric Hesse te deklare, “Sa a se yon lòt pwogram enpòtan pou manm sèvis yo itilize pou avantaj yo. Mwen panse li pral espesyalman itil kòm tranzisyon manm sèvis yo nan ede yo dekouvri nouvo opòtinite nan yon mache travay konpetitif. Lidèchip kontinyèl Gouvènè a sou kesyon veteran yo se fè yon diferans pou tout veteran yo.”

Pòtay sou entènèt la se yon rezilta de yon chapit modifikasyon sou lwa travay veteran yo ki te patwone pa senatè Greg Ball ak manm asanble Michael Benedetto.

Senatè Greg Ball, Prezidan veteran yo nan sena, Komite Afè Militè ak Sekirite Enteryè, te deklare, “Nou sote nan sèk pou prepare jèn gason ak fi yo pou antre nan militè, men depi yo fini sèvis yo la se souvan yon tranzisyon tou piti pou retounen nan lavi sivil. Anpil nan manm sèvis nou an ak fi yo jwenn tranzisyon sa a difisil anpil e souvantfwa yo pa ka jwenn yon travay enteresan lè yo retounen. Nouvo lwa sa a pral ede dirije ansyen konbatan chomè nou yo nan mache travay la. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a pou sipò l nan lejislasyon sa a pou ede remete veteran yo nan travay.”

Manm asanble Michael Benedetto te deklare, “Bay veteran nou yo opòtinite pou gen aksè a opòtinite travay ke yo ofri nan Eta New York se yon fason bon sans pou pèmèt veteran ki nan chomaj yo re-antre nan mache travay la epi fè eta benefisye de konpetans ak spesyalizasyon yo. Mwen aplodi Gouvènè a paske li te lanse sit sa a.”

Kalifikasyon pou pwogram anbochaj tanporè veteran yo avèk depatman defans fòm 214. Anjeneral, aplikan yo dwe te sèvi nan sèvis aktif fòs lame ayerieyn Etazini, Lame, Kò maren, maren, Kad Kot oswa konpozan rezèv fòs lame Etazini, oswa te sèvi nan sèvis militè aktif nan Etazini kòm yon manm gad nasyonal lame, oswa gad nasyonal ayerieyn. Veteran yo ki te sèvi nan gad volontè eta New York oswa milis naval New York ki genyen yon fòm DD 214 egalman kalifye. Aplikan yo ki gen yon fòm DD 214 dwe dechaje nan sèvis apre 11 septanm 2001. Aplikan yo ki gen yon kondwit dezonoran pa kalifye.

Yo pral egzije pou aplikan yo bay fòm DD 214 yo pou pwouve elijibilite pou pwogram sa a. Wap jwenn plis enfòmasyon disponib sou pwogram anbochaj tanporè veteran yo disponib [la](#).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

**We Work for the People**  
Performance \* Integrity \* Pride